



miami-dade election reform coalition



# Konbyen tan sa ap pran?

**Se ou sèl ki kapab di nou  
konbyen tan sa pral pran**

## ***Pouki pou mwen travay kòm volontè nan sa ?***

Se ou sèl, zye nou ak zorèy nou, ki kapab fè nou konnen konbyen tan sa pran pou moun vote lè yo sèvi ak nouvo teknoloji skanè optik lan. Si ou ede nou nap kapab pale ak tout elektè ki dakò pou bay enfòmasyon sa a, e sa ap pèmèt nou pèfeksyone sistèm lan pou tout moun. Epi tou, nap ba ou yon bèl mayo gratis.

## ***Kisa m pral fè ?***

Ou pral mande elektè yo pou yo suiv sou mont konbyen tan sa pran pou yo vote – soti nan moman yo konmanse tann nan liy lan, rive jis yo kite biwo vòt lan – epi mande yo reponn de ou twa lòt kesyon. Se yon bagay ki senp.

## ***Ki kote pou mwen fè volontè ?***

Time the Vote pral prezan nan biwo vòt nan tout Konte Miami-Dade lan. Ou kapab enskri pou volontè nan yon biwo vòt nan katye lakay ou oubyen bò kot travay ou epi nou pral eseye akomode ou. Oubyen ou kapab enskri nan yon katye ou pa konnen pou fè yon nouvo dekouvèt.

## ***Ki lè m kapab fè volontè ?***

Yap chèche Obsèvatè Volontè pou lè moun pral Vote Pi Bonè (soti 11 out rive 24 out) epi pou Jou Eleksyon Primè an (26 Out). Ou kapab enskri pou fè kantite ou vle kit se anpil kit se tou piti.

## ***Oke, map fè li. Kijan pou m enskri ?***

Sèl bagay ou gen pou fè se ranpli fòmilè ki nan do papye sa a oubyen nan e-mail ki gen anons sa a. Ou kapab tou voye yon e-mail nan [TimeTheVote@gmail.com](mailto:TimeTheVote@gmail.com) pou resevwa yon fòmilè. Depi nou resevwa fòmilè ou fin ranpli an, nou pral baw yon dat pou suiv yon kou fòmasyon epi nou pral voye piplis enfòmasyon ba ou.